



Kalandriye Ankourajman pou Vaksen kont COVID-19

Rezidan ki kalifye yo ka resevwa \$100 poutèt yo vaksinen konplètman

Rezidan yo kalifye nan moman yo resevwa yon sèl dòz J&J oswa yon dezyèm dòz Pfizer oswa Moderna.

Ale nan youn nan klinik vaksinasyon COVID-19 PDPH patisipan sa yo epi enskri pou resevwa ankourajman w lan imèl nan lespas 1-2 jou oswa pa lapòs nan lespas 10-14 jou.

Pwogram lan kòmanse 16 fevriye epi li pral kontinye pandan 6 semèn.

Lokal	Adrès	Dat yo	Lè yo
Belfield Rec Center	2109 W Chew Ave, 19138	Lè Jedi 24 Fevriye 3, 10, 17, 24, 31 Mas	10am - 4pm
Boost CDC	6010 Lansdowne Ave, 19151	Lè Jedi 3, 10, 17, 24, 31 Mas	10am-4pm
Brand New Life Christian Center	6301 Germantown Ave, 19144	Lè Samdi 26 Fevriye 19 Mas	10am - 4pm
Christy Rec Center	728 S 55th St, 19143	Lè Madi 22 Fevriye 1, 8, 15, 22, 29 Mas	1pm - 6pm
Community Academy	1100 E Erie Ave, 19124	Lè Samdi 5, 26 Mas	10am - 4pm
Grand Yesha Ballroom	2308 Snyder Ave, 19145	15, 21 Mas	10am - 4pm
Global Leadership Academy	4601 W Girard Avenue, 19131	Samdi, 19 Fevriye	10am - 4pm
MLK Older Adult Center	2100 Cecil B Moore Ave, 19121	Lè Vandredi 4, 25 Mas	10am - 4pm
Salvation Army	55th ak Market, 19139	Lè Vandredi 18, 25 Fevriye 11, 18 Mas	12pm - 6pm
Simpson Rec Center	1010 Arrott St, 19124	Lendi, 28 Fevriye	12pm - 5:30pm
Waterview Rec Center	5826 McMahan Ave, 19144	16, 23 Fevriye 2, 9, 30 Mas	10am - 4pm

Ankourajman yo se nan klinik patisipan yo sèlman* *Pa gen lajan kach oswa kat sou plas

- Asirans ak ID pa obligatwa.
 - Yo otorize itilize enfòmasyon pèsònèl pou rezon sante piblik sèlman.
- 2 pas SEPTA gratis disponib sou plas.
- Gen liy entèpretasyon lang disponib pou tout lang.

Yo ofri vaksen Pfizer (laj 5 lane oswa plis), Moderna ak Johnson & Johnson (laj 18 lane oswa plis)



Pwogram Ankourajman pou Vaksen kont COVID-19

Kisa Pwogram Ankourajman pou Vaksen kont COVID-19 la ye?

- Rezidan ki kalifye yo ka enskri pou yo resevwa \$100 poutèt yo vaksinen konplètman.
 - Rezidan yo kalifye nan moman yo resevwa yon sèl dòz J&J oswa yon dezyèm dòz Pfizer oswa Moderna.
 - Gen plis enfòmasyon nan: <http://bit.ly/fullyvaccinatedincentive>

OU P AP RESEVWA \$100 YO NAN JOU OU VAKSINEN AN EPI PA GEN LAJAN KACH NI KAT DISPONIB SOU PLAS.

Kalifye pou Ankourajman an	Pa Kalifye pou Ankourajman an
Resevwa premye dòz J&J ou Resevwa dezyèm dòz Pfizer oswa Moderna ou *Tanpri pote prèv 1ye vaksen an oswa, si w te vaksinen nan Philly, nou ka chèche dosye vaksinasyon w lan.	Resevwa premye dòz vaksen Pfizer oswa Moderna ou Resevwa yon dòz rapèl Pfizer, Moderna, oswa J&J Ou gen mwens pase 18 lane epi ou pa gen yon paran oswa yon gadyen prezan Ou pa yon rezidan nan Filadèlfi *Yon pyès kourye ki gen non w ak adrès ou nan Filadèlfi ap bon Ou se yon anplwaye Vil la

Timoun ki gen laj 11 lane oswa plis ka bay konsantman pou vaksen an yomenm; èske yo ka resevwa ankourajman an?

- Wi, timoun ki gen laj 5 - 17 lane ka resevwa ankourajman sa, men yon paran oswa gadyen dwe prezan pou bay konsantman pou ankourajman an.

Èske mwen ka resevwa yon ankourajman nenpòt kote yo ofri vaksen nan Filadèlfi?

- Malerezman, lajan yo limite. Yo ofri ankourajman sèlman nan sit ki sou do paj sa a ak nan <http://bit.ly/fullyvaccinatedincentive>

Poukisa PDPH ofri lajan pou moun vaksinen kounye a epi poukisa yo pa ofri ankourajman pou moun ki pran yon premye dòz nan yon vaksen 2 dòz?

- Anpil Moun nan Filadèlfi deja resevwa premye dòz yo a. Pou anpil rezon, se pa tout moun ki te vaksinen konplètman.
- Nan Filadèlfi, moun ki pa vaksinen konplètman yo gen gwo risk toujou pou yo vin malad ak COVID-19, pou yo entène lopital ak COVID-19, oswa pou yo transmèt viris la bay lòt moun.
- Nou vle ankouraje moun yo fè pwochen pa a epi pou yo vaksinen konplètman.

Poukisa w ap ofri J&J alòske gen kèk enkyetid pou sekirite ak vaksen sa a?

- J&J bay pwoteksyon apwopriye kont COVID-19. Yo ofri li pou moun ki pa vle oswa ki pa kapab vaksinen ak yon vaksen de-dòz (Pfizer oswa Moderna).

E konsènan tout moun ki deja vaksinen konplètman yo; èske yo pral jwenn \$100 yo tou?

- Nan estad sa a nan pandemi an, meyè fason pou pwoteje tout moun nan kominote nou an epi vin pi pre fen pandemi an se pou plis moun vaksinen konplètman.
 - Se poutèt sa ankourajman an disponib sèlman pou moun k ap resevwa sèl dòz J&J yo oswa dezyèm dòz Pfizer oswa Moderna yo.